


Ki kote mwen ka jwenn yon REAL ID?

Si w deside yon REAL ID bon pou ou, ou gen twa opsyon pou aplike pou yon REAL ID.

- **Aplike sou Entènèt** (kliyan ki te deja verifye sèlman)
- **Vizite nenpòt Sant Lisans Chofè PennDOT** pou fè r verifye dokiman w yo ak imaj, resevwa REAL ID ou a nan lapòs, nan 15 jou ouvrab
- **Vizite yon Sant Pèmi Kondui PennDOT REAL ID** nenpòt kote nan eta a pou verifye dokiman ou yo ak epi fè nimerize yo, resevwa REAL ID ou a nan menm moman sèvis la. Pou jwenn yon Sant REAL ID ki toupre w, ale sou www.PennDOT.gov/REALID, epi klike sou "REAL ID Lokal Sant yo."



Verifikasyon alavans sou Entènèt!

Si w te resevwa **PREMYE** pèmi kondui Pennsilvani pa w, pèmi apranti oswa kat idantite ak foto APRÈ 1ye septanm 2003, PennDOT ka deja genyen dokiman REAL ID ou nan dosye yo.

Pou konnen si dokiman REAL ID ou yo nan dosye PennDOT, vizite www.PennDOT.gov/REALID.

Si PennDOT konfime dokiman ou yo nan dosye pa yo, ou ka kòmande REAL ID ou sou Entènèt. Tanpri pèmèt jiska 15 jou ouvrab pou yo trete demann ou.

Ki kote mwen ka ale pou aprann plis?

Vizite sit entènèt nou an nan www.PennDOT.gov/REALID pou aprann plis sou REAL ID epi deside si li bon pou ou. W ap jwenn enfòmasyon detaye sou ki dokiman ou bezwen prezante, ak repons pou kesyon ki poze souvan sou REAL ID.

Pou plis enfòmasyon sou REAL ID ki soti nan Depatman Sekirite Enteryè Etazini, vizite www.dhs.gov epi chèche « REAL ID. »

Pou jwenn yon lis konplè idantifikasyon Transpò Sekirite Administrasyon aksepte, vizite www.tsa.gov epi chèche « Idantifikasyon. »

Bagay pou w sonje :



Enstalasyon federal endividyèl yo—ki gen ladan enstalasyon militè yo—ka gen diferan mezi sekirite ak fòm idantifikasyon aksepte yo ka varye. Kontakte etablisman an anvan vizit ou a pou konnen ki fòm ID yo pral aksepte.




W ap toujou bezwen yon paspò valab pou wwayaje ale-tranje.



Aprè **7 me 2025**, w ap bezwen yon REAL ID (oswa yon lòt fòm pyès idantite TSA apwouve) pou w monte yon vòl komèsyal domestik, nan peyi Etazini.

Aprann plis nan: www.PennDOT.gov/REALID

REAL ID nan Pennsylvania



Pennsylvania
Department of Transportation

Ki sa REAL ID ye?

Lwa REAL ID a se yon lwa federal ki afekte fason eta yo bay lisans chofè ak kat idantite si yo pral akseptab pou rezon federal, tankou monte nan yon vòl komèsyal domestik, oswa antre nan yon enstalasyon militè oswa yon etablisman federal ki mande yon pyès idantite.


Apati 7 me 2025, rezidan Pennsilvani yo pral bezwen yon pèmi kondui oswa kon kat idantite REAL ID oubyen yon lòt fòm idantifikasyon ki akseptab selon lalwa federal (tankou yon paspò oswa yon pyès idantite militè ki valab) pou:

- Monte nan yon vòl komèsyal domestik
- Antre nan yon baz militè
- Antre nan yon etablisman federal ki mande pou idantifikasyon federal akseptab

Èske mwen oblije jwenn yon REAL ID?

Non. REAL ID opsyonèl pou rezidan Pennsilvani. Ou pral kapab jwenn swa yon lisans chofè REAL ID oswa kat idantifikasyon, oswa yon lisans chofè estanda oswa kat idantifikasyon.

Si w pa jwenn yon REAL ID, ou dwe gen yon lòt fòm idantifikasyon ki federalman akseptab (paspò valab, idantite militè, elatriye) pou monte vòl komèsyal domestik epi antre nan sèten enstalasyon federal apre **7 me 2025**.



Estanda ID
oswa DL

Pèmi kondui
oswa kat idantite
REAL ID

Kondui (pèmi kondui sèlman)



Objektif Idantifikasyon Jeneral



Monte yon vol domestik (Ozetazini) Vòl apre 7 me 2025



Antre nan yon etablisman federal (ki mande pyès idantite) oswa militè



Ou PA bezwen yon REAL ID pou:

- Kondui
- Vote
- Ale lopital
- Vizite biwo lapòs la
- Aksè nan tribinal federal yo
- Fè yon demann oswa resevwa avantaj federal

Konbyen yon REAL ID koute, ak ki lè li pral ekspire?

W ap peye yon sèl frè \$30, plis frè renouvèlman aplikab (yo).


Dat ekspirasyon premye pèmi kondui oswa kat idantite REAL ID ou a ap refleto tout peryòd validite ki rete ankò sou pèmi oswa kat idantite ou genyen kounyeya, **plis kat ane anplis.***

Pa egzanp, si pèmi ou a pral ekspire an me 2025, men ou fè yon demann pou gen yon REAL ID an me 2024, nouvo pèmi oswa kat idantite ki konfòm ak lalwa REAL ID ou a p ap ekspire jiska me 2029.

Sa vle di ou pa pral « pèdi » tan ou te deja peye pou li. Apre premye pèmi kondui oswa kat idantite REAL ID ou a ekspire, pa gen okenn frè adisyonèl pou renouvle yon REAL ID parapò ak yon kat idantite estanda.

Si w ap resevwa premye pèmi kondui Pennsilvani oswa idantite foto w epi ou ta renmen jwenn yon REAL ID, w ap peye yon sèl fwa frè REAL ID a, plis frè regilye pou premye emisyon an.

Tanpri sonje: Moun ki gen lisans komèsyal (CDL) pou kondwi ka swa aplike pou renouvle CDL yo oswa aplike pou yon kopi CDL epi peye frè ki aplikab yo.



*sòf si ou gen plis pase 65 ane e ou te chwazi yon pèmi kondui de (2) zan



Kouman pou mwen jwenn yon REAL ID?

Ou dwe pote dokiman sa yo nan yon Sant Pèmi Kondui PennDOT:

• Prèv idantite

Kopi sètifika nesans ki te depoze nan Biwo Eta a, Dosye Vital/Estatistik ak yon so ki soulve/sele oswa ki valab, ki poko ekspire, yon paspò ameriken oswa kat paspò.

Sitwayen ki pa Ameriken yo tanpri konsilte :

<https://www.pa.gov/agencies/dmv/faqs/driver-licensing-faqs/real-id-faqs.html>

• Prèv Sekirite Sosyal

Kat Sekirite Sosyal ki pòte non legal ou a aktyèlman (plastifye oswa pa plastifye) oswa, youn nan sa ki annapre yo ki montre TOULE nèf (9) chif nimewo sekirite sosyal ou a : W-2, Fòmilè SSA-1099, Fòmilè Non-SSA-1099 oswa Souch Peman.

• De (2) prèv adrès aktyèl fizik ann eta PA a

Egzanp : Yon pèmi kondui aktyèl nan eta PA a, ki poko ekspire oswa yon kat idantite avèk foto ; kat anrejstremachin nan eta PA ; kat asirans oto valab ; bòdwo sèvis piblik ki te pwodui sou òdinatè ki montre non ak adrès ; fòmilè/souch W-2 ki peye

Tout dokiman yo dwe pòte non legal ou a.

• Prèv tout chanjman non legal yo, si sa a aplikab

Tout sètifika maryaj sètifye (yo), pou chak maryaj, pou suiv chanjman non, delivre pa tribinal konte a (Clerk of Orphans Court, Rejis testaman, elatriye) kote yo te bay lisans lan.

Òdonans tribinal ki apwouve yon chanjman non non legal la

Orijinal oswa kopi sètifye amannman sètifika nesans ki soti nan Biwo Dosye/Estatistik Vital Leta a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou egzijans dokiman REAL ID yo epi pou telechaje lis dokiman ki ka enprime, tanpri konsilte www.PennDOT.gov/REALID epi klike sou « Lis Dokiman. »



Pennsylvania
Department of Transportation

Aprann plis nan : www.PennDOT.gov/REALID